

RAGAD ADVERTENTIE:
Kabar premi: 1 — 30 temboeng f. 1. — Langkoengipoen, saben 10 temboeng cetawi kirang: f. 0,50.
Advertentie liirah: f. 0,15 sagaris: (apes: f. 1,25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.
 Hoofdredacteur:
B. S O E M A R N A
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemewah.

REGIPIOEN LENGGANAN
SWARA TAMA
 sampoen kalijan regining Soera Katholiek
 1 taoen f 7,50 } njoewoen kabajar
 1/2 f 3,75 } roemijin.
 Adrèsiipoen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS - COLLEGE
 DJOKJAKARTA.
 Drukkerij „Canisius” Djokja.

ISINIPOEN:

Lampah koela dateng Ngeroem — Gesang rerajatan—Glédahan P.N.I. —Njoewoen priksa—Wangsoelan—Tja os pamrajogi—Pantes tinoelad — Sampoen makaten — Boten ask boten serik, atiné nggandjel sadingklik—Ontjen sekar gambir melati — Oerap-sari.

LAMPAH KOELA DATENG NGEROEM.

Rome (30) 29 Nov. 1929.
 Via S. Nicola da Tolentino, 8.
 Sambetipoen Sw. Tm. no. 47.

Djam satengah sedasa sonten sepoer sampoen mbengoeng ngreng-seng goemrasak grobjagan nradjang ril-ril ingkang pating sliwir wonten ing amplassemèn setasijoen München. Dados saking Mainz dateng München poenika lampahan wetawis sedasa djam, mekaten poenika lampahipoen sepoer doer ingkang nggana, awis mandeg. Éwasemanten saking roemaos koela kados dèrèng dangoe anggèh koela tengok - tengok nglangkoengi kita Ludwigshafen — Manneheim, Heidelberg — Bruchsal — Stuttgart — Ulm. Ingkang moeroegaken koela wonten ing sepoer wanoeh tepang kalijan Pengagenging para Rama Salesianen, ingkang roemijin sinaoe wonten ing Universiteit Gregoriana; mangka Rama waoe loetjoe, ndemenakaken. Koela garap inggih kersa kémawon ngantos kapingkel - pingkel. Amrih sampoen kamanoengsan anggenipoen ger-geran tjara Latiin. Doemoegi ing München Rama waoe nglairaken danganing penggalihipoen lan ngadjeng-adjeng dateng koela wonten dipokipoen Arga Santa Helena ing kita Trier.

Medak saking sepoer kapapagaken Rama Fr. Müller, bangsa Luxemburg tjalon Prof. ing Tokio, ingkang sapoenika taksih napisaken pasinaonipoen wonten ing Universiteit München.

Dinten Rebo éndjing lan sijang moebeng ndjadjah kita München, kaeteraken ing resi moeda bangsa Duitsch, Gottlieb Sleicher, siswa loehoer ing kasoesastran lan kagoenan djaman kina. Ingkang koela djoedjoeg pamoelangan loehoer ing München. Siswanipoen éwon, sedaja kawroeh, kasoesastran lan kagoenan kawoelangan. Anggèn koela moebeng - moebeng watawis satengah djam. Para student ngleresi ngaso, sami pating krompol, pating glédrah, oejeg gineman warni - warni. Semanten katahing moerid loehoer, éwasemanten koela boten mranggoeli satoenggala kémawon, ingkang penjénjéngan, djalalan oetawi oemoek, kementoes, goemagoes, agengipoen ngedak - edakaken. Prakawis sandanganipoen pasadja, ingkang katah limrah sanget mèh kloewoek - kloewoek. Minangka tengering pasinaonipoen wonten ingkang nganggèh kopjah oetawi ketoe biroe, abrit. Menawi koela tandang kalijan siswa tanah Djawi temtoe kawon sorot panganggènipoen, nanging saking panginten koela rak oenggoel kawroeh, dasar, gregetsarta kasipoen. Tjobji koela atori njawang para moerid Mulo oetawi pamoelangan tengahan ing tanah Djawi. Tobat - tobat! goemebjar, kinjtjiong - kinjtjiong, nanging boten kirang ingkang kotong.

Rakiting gedong Universiteit pakolèh, semoeda tanpa ngagètaken. Wonten kamar satoenggala ingkang boten patos ageng, nanging saged ngewrat siswa 700, inggih poenika ingkang dipoenwastani gedong „auditorium maximum” alias ageng - agenging panti oeninga. Sajtjelaking gapoera ing nglebet kebak oendang - oendang, pratélaning woe - langan lan prakawis sanèsipoen ingkang perloe dipoensoemerepi para siswa. Malah wonten oegi pratélanipoen boekoe ingkang mentas kawedalaken ing babagan kawroeh, kasoesastran lan kagoenan warni.

Saking Universiteit noenten dateng balé - poestaka oetawi biblio-

theek gadahanipoen Negari. Gedongipoen ageng, mawi kamar sedijan ingkang sami badé njamboet - damel migoenakaken boekoe - boekoe ing ngrikoe. Nalika koela mlebet koela soemerep prijantoes kakoeng poetri bangsa kalih atoesan ingkang ndjinggleng toewin nggekeng sami njerat oetawi maos, tanpa sebawa malah boten wonten ingkang toemenga nalika kori dipoenagakaken.

Sarèhné München poenika kita ageng, poeseripoen tanah Duitschland sisih kidoel toer kala roemijin kerep dipoenrawoehi Sang Praboe, pramila katah sanget gedong - gedong ingkang ageng, saé, pantes kapratélakaken. Nanging amrih boten kemandangan, sebab poen manah selak kemetjer dateng Roem, koela tjontel samanten kémawon.

Inggih badé koela atoreraken namoeng kawontenanipoen Kathedraal, Basiliek lan Grédja - Grédja ing kita ngrikoe. Katedralipoen kina, ageng, inggil, nglebet semoeda, bregas. Sadržah Altaar katingal amrok, tringtjing noeding manginggil, penoeh oekir-oekiran. Sadaja tjéngkok goethiek. Basiliekipoen taksih énggal, nanging saé sanget, merbawani margi sakanipoen marmèr boender ageng inggil, djèdjèr kalih larik, njanggi empjak sabaloenganipoen. Pedalem-an soetji sanèsipoen sadaja katingal kopèn resik. Tjéngkokipoen wonten ingkang barok, wonten ingkang Romaansch.

Kinten - kinten djam satengah pitoe sonten koela sami ngadjengaken lampah saking München dateng Innsbruck ing tanah Oostenrijk. Wonten ing Innsbruck njipeng sedaloe.

Menggah Innsbruck poenika kita kina kaapit - apit redi mèh tepoeng gelang toer inggil - inggil. Nalika koela mlampah dateng setasijoen, ragi kagèt njawang woedjoeding redi-redi. Ing soekoenipoen idjem, ing poetjak lan djoerang - djoerang ing kendit katingal petak memplak katoetopan saldjoeg. Samangsa kasorotan soerja katingal asri sanget, gilap petak soelak biroe. Nanging oepami koela kapoerih gegrija ing Innsbruck kinten koela dangoe - dangoe boten kraos, sebab roemaos roepek.

Djam satoenggala mangkat saking Innsbruck nenggel redi ing Tirol, nglangkoengi Bernero, andjog ing Itali. Wiwit Innsbruck doemoegi Verona tanahipoen moenggoeh sanget jèn katjandra.

Nanging sarèhné kaselak notol koela sidem kémawon. Koela atori manggalih: Ing paredèn Tirol, tanah woetah - rahipoen Rama Prenzthaler, grijanipoen alit perkis, mrèjtjet oenda oesoek toemèmplèk pèrènging paredèn. Satengahing doesoen temtoe wonten Grédjanipoen ingkang menaranipoen inggil, noedingi pi-nangkanipoen samoekawis ingkang sarwa éndah. Poenapa poenika boten ménginaken?

Sareng sampoen peteng margi ingkang minggah dateng poetjaking redi kapadangan lampoe élèktris, jèn kasawang saking katebihan katingal kados léjeng ageng noslor mengandap. Poenapa poenika boten ngresepaken?

Saking Verona sampoen daloe, mripat arip, nanging sarèhné dipoen - ojek - ojek inggih kepeksa melèk. Sareng tengah daloe kraos mblijoet toemoenten tilem. Wantji bangoen kerep ngililir, sareng tangi gragapan ningali djam, sampoen dj. 7 éndjing. Saja dangoe poen manah saja degdegan, sabab njaketi poera soektji. Dj. 8.30 andjog ing Roem ladjeng toeroes dateng pondokan, inggih poenika Borgo Santo Spiritu 5.

Sasampoenipoen bagé - binagé lan ngaso sawatawis, koela dipoenpa- ringi kartjis kanggé mlebet ing Vaticaen perloe ndèrèk sowan dateng bangsal satjaketipoen pakowon - dalem Kangdjeng Santo Rama.

Awit wonten ing bangsal ngrikoe ngleresi dinten Setoe tanggal 20 November 1929, ngeresa dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Sinanta Rama badé tedak sinèwaka, ndjen - ngi pamaosipoen nawala dalem

ingkang minangka dados kekan - tjanganipoen Sahtid Imam Giovanni Ogilbee s.j. ingkang badé kakepak - aken kaangkat djoemeneng Soebaga ing woelan December ngadjeng poenika. A. S.

LARASATI.

GESANG RERAJATAN LAN DJAGAD SOCIAL.

Wewenang lan wadjiipoen tjang sepoeh dateng anak.

Sinten ingkang kawadjiaban nggoela - wentah anak (laré)? Para maos temtoe sampoen boten kekilapan, toeroes saged mastani, bilih tjang sepoehipoen ingkang kabebahan moela - sara anakipoen. Tjang sepoeh ingkang kedah nekapi kabetahanipoen laré. Déné kabetahan poenapa, badé karembag ing béndjing.

Sanadjan prakawis makaten poenika sampoen tjeta sanget, sadjak sampoen boten wonten ingkang badé njerakal oetawi ndébat, sabab sampoen namé tjeta wéla-wéla, éwasemanten sawenèhing tjang meksa kok inggih wonten ingkang legan golèk momongan, ngoengkiri prakawis mé - gla sanget, langkoeng - langkoeng ing djaman roemijin nalika revoluitie ing Parangakik. Danton, Robespierre lan sanèsipoen poeroen (wani) tjarijos, bilih laré poenika gadahanipoen Negari (staat), dados inggih Negari ingkang tinanggenah ngoepa - kara laré, sanès tjang sepoehipoen.

Sadaja kémawon ingkang ngoegemi lan ngengkiki (boten soesah pilih - pilih) dedasar 1789 nginten pangoela - wentahing laré poenika sanès wewenanging tjang sepoeh kabekta saking sampoen pinasti ing kodrat (natuurlijk recht) ananging poenika wewenang oemoem, ingkang namoeng dados gadahanipoen Negari. Kaom sosialis gadah paneda, samangsa laré sampoen boten betah (boetoe) kadjagi ing bjoeng, kedah toeroes kadadosaken satoenggala; laré djaler èstri kasami lan kasarengaken pandidikipoen.

Poenapa makaten poenika badé saged toemindak? temtoe boten. Tjang sepoeh boten badé narimahaken, manawi wewenangipoen karebat ing tjang sanès. Atas anggering kodrat (natuurwet) tjang sepoeh ingkang kawadjiabaken nggoela-wentah poen laré lan margi poenika inggih ladjeng gadah wewenang ngoepakara.

Sampoen samentanipoen jèn tjang sepoeh kalijan anak tinangsoelan ing katresnan raket sanget. Anak gadah asih lan kapitadosan dateng tjang sepoeh. Sanadjan taksih laré pisan ngraos loeloet dateng bapa, langkoeng - langkoeng dateng iboe (bijoeng). Anak roemaos ajem lan djen - djem, manawi njanding tjang sepoeh, sabab poenika dados pangajomani - poen; wonten poenapa² inggih tjang sepoeh ingkang dipoentolèh. Margi ingkang makaten poenika sadaja piwoelang saha pitoetoeripoen tjang sepoeh poenika saèstoe ageng daja lan prebawanipoen (invloed). Kawontenan ingkang makaten poenika (katresnan, ingkang prasarat ananging èndènging tjang sepoeh kalijan anakipoen) mratjihmani, bilih tjang sepoeh ingkang kedah dados pendidik.

Goesti Allah, ingkang asipat gesang, poenika dados toeking sadaja ingkang koemeli ing donja ngriki, inggih toeking ngagesang, inggih ngagesangipoen laré. Ananging tjang sepoeh inggih toemoet - toemoet, sebab dados lantaran njoekani gesangipoen laré. Sarana njoekani gesang, inggih ladjeng kedjibah ndjagi gesangipoen waoe. Tjang ingkang kasinoengan kadjeng mardika, poeroen nanggal sadaja ingkang linam - pahan sarana kadjeng mardika waoe (vrije daden), Dados laré manawi sampoen dipoensoekani gesang, boten kok ladjeng dipoenkèndelaken makaten kémawon, boten babar pisan; nanging kedah kaopea - kara, kadidik sagedipoen madjeng, katoentoen kadjengipoen dados tjang sampoen. A.

GLEDAHAN P. N. I.

MANAWI NJATA BADÉ BRONTAK, KEDAH KASIRNAKAKEN !! — TAKSIH WONTEN KÉMAWON POELISI MARA TANGAN. —

Glédahan ing grijanipoen para manggala P.N.I. kala 29 December, saèstoe damel gondjingoepoen djagad Indonesjah! Langkoeng - langkoeng déné tanpa wonten kalesik langkoeng roemijin!

Éwadéné toemrap para ingkang ngoelataken kalébatipoen P. N. I., dalasan para pangandjoeripoen P.N.I. pisan, meningi kadadosan kados makaten poenika boten patos gèt - gèten. Djer, tetjjang poenapadéné para leider waoe, mesti inggih mangretos tjalon bot-répotipoen pakem - palan ingkang atradjang revoluitio - nair! Mangretos oegi, wiwit lahir mila P.N.I. tansah kaintjeng Nagari.

Doemadosing lalampahan ing nginggil, samanké saja anjetakaken sange tangkebipoen Paréntah Indo - nesjah kalijan pakemalan P. N. I. P.N.I. saja dipoenpidih, dipoenoe - njeri, dipoenkerasi. Tjara kapalipoen: kaetrapan kendali rangah! jèn segawona, dipoenbrangoes!

Kados ingkang kapratélakaken ing serat-serat kabar, anggenipoen Paréntah nindakaken glédahan, nanging leidet-leidet P. N. I., poenika margi midang bilih wonten ing akiring taoen 1929, P. N. I. badé sami brontak. Kanggé angjektèkaken pakabaran waoe, Nagari ladjeng nindakaken glédahan, regedeg sareng ing sa-Indonesjah, toenggil dinten, toenggil djam.

Brontak! . . . P. N. I. er, brontak! Dajanging temboeng „brontak” adamel geter, mrinding, atising manah! Ing salebetipoen pangangen - angen kados soemerep: bangké pating goelasah, radja-tatoe pinten-pinten; tetjjang èstri nangsik kekitrangan; laré-laré pating dijlerit; soewantening bedil, pistol, pating dijledor! . . . O, saèstoe anggegiri - si! ngeres-eresi!

Koela tjang sadjawining rangkrah P. N. I.! Koela sadaja sami ngèsti katentreman! Pangadjab koela: rahajoe. Sasanti koela: willoedjeng! Mila koela boten tédèng aling-aling: kita wandawa Katholiek dalasan partè kita, boten seneng brontak; soetik brontak!, Djer sampoen tètèla sanget brontak poenika wohi - poen namoeng: risak, sangsara, pepes! Kita ngangkrah mardikanipoen tanah kita, poenika ngèsti: katen - treman, karta rahardjaning Indonesjah. Mila, kita kedah ngoewod katentreman! Gegajoeahan kita kedah rahajoe! Manah kita kedah tentrem, boten koemroengsoeng, groesagroes!

Mila, manawi tandangipoen Nagari kala 29 Dec. waoe, saged soeka paseksèn, saged amboektèkaken dateng kawoela, bilih P. N. I. mila badé brontak.

„Negari kedah ladjeng toemoenten angitjali P. N. I.”

Para maos! Dédé koela ingkang neda itjalipoen P. N. I. (samangsa katjihna pantjèn badé brontak) *Katentremaning kawoela*, ingkang ngoewoeh sasoranipoen, neda itjalipoen P. N. I. *Katentremaning kawoela ingkang:* mint sekoelatnja - koelatnja soepaja P. N. I. disapoe bersih, itoepoen kalua dari adanja glédahan baroe - baroe ini, ternjata P.N.I. ma - oe brontak, meroesak keamanan!

Déné manawi serat-serat lan boe - koe-boekoe pinten - pinten grobag

ingkang kaoesoeng dateng kantor poelisi, boten saged amboektèkaken manawi P. N. I. - er badé brontak, poenika Nagari meksa boten kadoe - noengan lepat margi anggenipoen nindakaken galédahan. Djer anggè - nipoen toemindak makaten waoe sampoen dados wadjiipoen roe - meksa katentreman.

Éwadéné, sanadyan roemeksas katentreman pisan, meksa wonten tin - dakipoen poelisi ingkang pantes kasarowé.

Kados ingkang kapratélakaken ing Sw. T. kala Djoemewah kapengker, wonten moerid Taman Siswa ing Ngajogjakarta ingkang kataman kentèsipoen poelisi, margi badé mendet boekoenipoen. Katrangan ingkang langkoeng pandjang ingkang koela pireng makaten:

„Éndjing waoe, wonten moerid Taman Siswa sakawan taksih alit-alit dèrèng oemoer 15 taoen dateng wonten sangdjeng sakolah. Kori-kori ingkang mlebet T. S. sampoen kadjagi poelisi. Salah satoenggil laré waoe wonten ingkang pamit poelisi badé neda boekoenipoen dateng kantja ingkang wonten nglebet. Poelisi boten angsal. Laré wangsoel, moeroegi kantjanipoen ingkang sami ngentosi wonten satjelakipoen ngrikoe. Ladjeng sami adeg-adehan, omong-omongan. Poelisi soemerep laré-laré waoe, kapoerih ké - sah. Nanging mangsoeli anggenipoen wonten ngrikoe boten nedyas poenapa - poenapa. Poelisi mireng wangsoelan makaten poenika, boten seneng. . . . Kelampahan kentèsipoen poelisi no. 157 katemakaken batoekipoen laré ingkang nama Rochmin. Sanalika poenika oegi Rochmin dawah klenger ngedalaken rah. Sangdjengipoen T.S. ladjeng koemroeb - koeb kateh tjang. Laré-laré èstri ingkang wonten nglebet, sami njerit, nginten manawi poelisi soroh amoe . . . Rochmin kabekta dateng grija sakit Petronela.

Para maos! Sinten ingkang ngra - osaken kawontenan ing nginggil mesti ngeres.

Boten namoeng sapisan poenika kémawon koela mireng tandangipoen poelisi remen mara tangan. Veld - politie pantjèn katah ingkang oegal - oegalan remen main tandang, main tabok, main doepak, lss. Prakawis poenika malah mèh kémawon dados padatan! Mila inggih boten anèh tjang ingkang mastani: katah kan - tjara alit ingkang anggepipoen dateng poelisi namoeng kados toekang ke - proek lss.

Mangsoeli poelisi no. 157 kase - boet nginggil! Poelisi anggenipoen kaparingan dadamel poenika kanggé roemeksas kawiloedjengan. Boten kanggé mainan! Boten kanggé nje - paki mara tangan! Mila poenapa patrapipoen poelisi 157 makaten waoe nama roemeksas kawiloedje - ngan? Poenapa sampoen tètèla te - rang poen laré badé nglawan badan - ipoen ?? Sembada nglawana pisan, sapinten gendranipoen laré, toer - boten ambekta dedamel! Mangka poe - lisi ingkang wonten ngrikoe boten namoeng no. 157 pijambak!! Poe - napa boten saged njingkir soemi - joeling tangan anamakaken kentès? Mila sampoen leresipoen, poelisi no. 157 waoe, pikantoe paekoeman ingkang moerwat.

Poerwakinanti 31 Dec. 1929. Taklim: A. S. D.

Margi liberoan 1 Djanowari, karangan ing nginggil saweg saged kapatjak dinten poenika. Red. Sw. T.

WARA - WARA.

Sampoen katah sadèrèk ingkang ngintoenaken arta kanggé kwar - taal ing taoen poenika.

Mila lengganan sanès ingkang roemaos noenggak koela atori - maringi kekiranganipoen.

Déné lengganan Ngajodja sampoen dipoensoewani loopèr.

Ing sarèhning padoenangan koe-
la njelepik, toer kepalangan ing
benawi Serajoe, kamangka ing wek-
toe poenika mangsa rendeng, dados
poen benawi tansah doeka (bandjir).
Jèn mekaten rekaos saged koela
sesrawoengan kalijan sedèrèk sanès-
ipoen (boten wonten kretegi poen).
Samangsa wonten prekawis ing-
kang boten koela ngertos, inggih
keladeng boten mangertos. Badé ta-
kèn dateng kantja ingkang noenggil
pedamelan boten mangertos, dateng
priyantoen sanèsipoen, boten
wonten. Djalarn doenoeng pap-
an koela njamboet damel bebih lèr
kidoel. Poenapa takèn dateng tjeng-
gerèt nong oetawi oté-oté? Awit
inggih namoeng poenika ingkang
katah. O, inggih ding, koela ke-
soepèn menawi gadah mitra lan
sedèrèk sepoh pinte-pinte, ing-
kang sami dedalem ing kita, toer
sami djempol-djempol. Milanipoen
koela blaka, boten isin njoewoen
priksa dateng para sedèrèk, sinten
ingkang sardjoe paring wangsoelan.
Ing ngandap poenika lo pitakèn
koela.

1. Oepami wonten tijing Katho-
liek, sampoen ketjaget wonten ing
Stamboek Burgerlijke Stand, ing
woesana idjab kalijan tijing èstri
golongan sanès (boten Kristen),
idjabipoen wonten ing mesdjid.
Dados tijing waoe nama sampoen
njélaki agami Katholiek (moertad).¹⁾
Pitakènipoen:

a. Poenapa tijing waoe taksih
kegolong prenatan Burg. Stand? ²⁾

b. Soepados kawedalaken saking
prenatan Burgerlijke Stand (margi
ngemohi Katholiek), poenapa nda-
dak nglampahaken penjoewoenan,
soepados dipoentjorèk namanipoen? ³⁾

c. Menawi tijing waoe kèndel
kémawon kados-poendi? Poenapa
inggih kalepatan? ⁴⁾

d. Oepami tijing waoe gadah
anak lan boten nindakaken kados
ingkang kasebat ing b. mangka bapa
boten lapoer dateng ambtenaar van
Burgerlijke Stand, margi roemaos
sampoen dédè tijing Katholiek. Poe-
napa tijing waoe inggih nama ka-
lepatan? Lan inggih dipoendenda
ing negari f 100 (zegge. satoes
roepiah)? Memelas, temen ta-nèh! ⁵⁾

e. Poenapa kalepatan ing d waoe
namoeng kèndel nama lepat, boten
ndjawili dateng dinesipoen? ⁶⁾

f. Wangenanipoen lapoer (kasèp-
kasèpipoen) pinten woelan of ta-
oen? ⁷⁾

g. Poenapa sebabipoen déné pri-
jantoen sanèsipoen, kedjawi ingkang
kasebat ing prenatan Burgerlijke
Stand (Ingkang kagoengan sebatan
radèn, bajaripoen f 100 minggah,
bangsa opsir, golongan Kristen pri-
boemi), boten kegolongaken prena-
tan Burgerlijke Stand? Poenapa di-
poen-galih rekaos toemindakipoen?
Rekaos poendi kalijan golongan
Kristen priboemi ingkang dèrèng
mangertos piwoelangan sekolahan?
Oetawi ingkang manggèn ing doe-
soen-doesoen? ⁸⁾

h. Oepami wonten tijing wiwitan
bajaripoen f 50 (sèket roepiah),
mindak-mindak doemoegi sangin-
gillipoen f 100 (satoes roepiah).
Menawi sampoen f 100 langkoeng,
poenapa inggih kakéngingaken Bur-
gerlijke Stand? ⁹⁾

i. Poenapa sebabipoen Kristen
priboemi ing Vorstenlanden boten
kakéngingaken prenatan Burgerlijke
Stand? ¹⁰⁾

ii Sedaja tijing Katholiek mena-
wi badé sesémahan sasaged-saged
poenapa kedah pikatoek wanita
Katholiek. Poenapa boten mekaten?
Lan malih boten kénging pegatan.
Lan koela pijambak ngakeni jèn
djodo (sémah) poenika peparing-
ipoen ingkang Maha-kawasa, kita
namoeng kedah ichtjari madosi
poendi ingkang badé dados sisihan
kita, boten kénging ngawoeg. Sap-
poenika koela gadah pitakèn:

a. Poenapa prija Katholiek mesti
saged pikatoek wanita Kath.? ¹¹⁾

b. Poenapa boten badé kelam-
pahan wanita Katholiek kawengko
ing prija golongan sanès? Sasoe-
mèrep koela saweg setoenggal. ¹²⁾

c. Kados-poendi penggalihanipoen
sedèrèk wanita? Ènget lo dangoe-
ning-dangoe! Lan kedah ènget da-
teng kawontenaning prija golongan
sanès anggènipoen mengko sémah!
Poenapa badé saged marem? ¹³⁾

d. Prija of wanita Katholiek sa-
oepami (saged kelampahan) kelam-
pahan badé idjab kalijan prija of
wanita golongan sanès. Mesti ké-
mawon idjabipoen kedah wonten
ing Grédja, samangsa boten poeroen
dados Katholiek. Senadjan sampoen
sami tresnanipoen, nanging tijing
sepoh boten ngilani, jèn dados
Kristen oetawi idjab ing Grédja.
Poenapa inggih kelampahan kedah
ngloempati palang? Poenapa boten
kalepatan ing ngarsaning ing-
kang Maha-kawasa jèn kelampahan
mloempat ing palang? Sebab boten

mbangoen mitoeroet ing tijing se-
poeh? ¹⁴⁾

Déné anggèn koela gadah atoe
mekaten poenika, ngengeti bilih
kita poenika sapérangan ageng
gampang wonten ing papan ingkang
tjanganipoen dèrèng dojan dateng
Agami Katholiek. lan malih koela
sampoen naté dipoentakèni sedè-
rèk lan inggih sampoen soemerep
pijambak lelampahan ingkang kados
mekaten. Milanipoen sarèhne koela
boten patos damang, prekawis poe-
nika koela atoeraken dateng para
sedèrèk ingkang karsa paring we-
wengan, langkoeng-langkoeng rama
redacteur ingkang mesti pirsia da-
teng prekawis poenika. Wasana
sadèrèng lan sasampoenipoen koela
amoeng ngatoeraken panoewoen
koela.

Taklim koela poen
Biroe Laoet
(namoeng dédè Air Laoet).

Sabab pitakènan poenika ngantjij
médjaning redactie roemijin, mila
kita njaosi:

Wangsoelan.

Penge. Moerih gampilipoen, sa-
ben-saben mrangoeli tanda oepami
1). wonten ing pitakènan, poenika
wangsoelanipoen ing ngriki inggih
mawi tanda makaten.

1). Elo, tijing Katoeliek teka idjab
mesdjid, moertad, poenika manoe
pranatanipoen sinten? Boten manoe
pranatanipoen Goesti Allah, ngatos-
atos lo, moengsoehan djaré karo
Goesti Allah. Dadi gawé! Bok di-
poensandjangi, sadèrèk Biroe Laoet!
Kadjengipoen wangsoel saé malih!
2). Inggih. Angger sampoen ke-
tjaget, kedah teroes netepi pranatan
Burgerlijke Stand (Manoet boekoe-
nipoen H. van Houten katja 329).

3). Manoet wangsoelan no. 2 ing
nginggil poenika, boten kénging
njoewoen dipoentjorèk namanipoen.
Kalijan malih ambtenaar van den
B.S. mangsa poeroena, adjrih jèn
kadenda.

4). Burgerlijke Stand toemrap tijing
Djawi Kristen lsp. poenika manoe
art. 6 namoeng ngewrat 1e. kalairan
(kaserat ing Model A), 2e. mendet
oetawi gantos nama (Model B), 3e.
jèn pedjah (Model C lan D).

Mitoeroet wangsoelan angka 2,
tijing ingkang moertad waoe (la kok
moertad ta!) oepami gantos nama
inggih kedah lapoer; jèn mëndel,
temtoe kalepatan.

5). Tijing ingkang moertad waoe
idjabipoen boten absah, dédè idjab
namanipoen. Ing ngriki angèl ang-
gènipoen mangoeli. Oepami idjab-
ipoen absah, temtoe kémawon jèn
gadah anak, kedah lapoer. Nanging
idjabipoen boten absah (djalaran
boten manoe pranataning Pasa-
moewan), ladjeng kados-poendi bab
anak waoe? Nitik artikel 33, laré
anaking tijing ingkang boten émah-
émah absah, kedah kalapoeraken.
Nanging saking panginten koela,
manawi bapa lan bjoeng sami
Kristenipoen. Tjobi sadèrèk Biroe
Laoet koela atoei takèn-takèn: oep-
ami wonten Wlandi mendet sémah
Djawi, nanging boten idjab ing
kantor, jèn gadah anak, kedah la-
poer poenapa boten? Wlandi waoe
oegi boten nama idjab. Mangké
poenika kénging kanggé oelar-oelar.
Manawi poetoesanipoen: tijing
moertad waoe wadjab lapoer, ing-
gih temtoe kalepatan, kadenda f 100.

6). Rèhnè koela boten gadah
boekoe „Instrucție” toemrap goeroe
oetawi priyantoen sanès-sanèsipoen,
pitakèn poenika koela boten saged
gablang badé mangoeli. Tjobi
njoewoen priksa dateng salah sa-
toenggiling priyantoen ingkang nje-
peng „Instrucție.” Poenapa ngriko
njeboetaken: jèn keloepoetan dinesé
dijawil.

7). Manoet artikel 29, lapoeripoen
kedah dinten ingkang kaping sadasa
bakda lair, Ngahad lan dinten sa-
minipoen Ngahad boten kaétang,
mawi seksi kalih. Manawi kepa-
langan bandjir (kretég dadal) lsp.,
dinten ingkang kaping sedasa waoe
kaétang saking wiwit sagedipoen
njabrang. Dados boten kénging ka-
sèp wewoelan oetawi tetaoenan.

8). Priyantoen sanès wonten ing-
kang boten kagolong Burgerlijke
Stand poenika saking panginten
koela boten sabab rekaos ingkang
nglampahi, nanging margi Negari
taksih kèwedan anggènipoen nje-
tjakaken. Embèn wingking Burger-
lijke Stand temtoe toemrap tijing
sadaja, awit Burg. Stand poenika
satoenggiling srana ingkang lang-
koeng déning perloe toemrap tata-
tentreming pradja.

Tijing ingkang adjrih dados Ka-
toeliek oetawi sampoen Katoeliek la-
djeng nglokro déning wontenipoen
Burg. Stand poenika mèmper kalijan
tijing ingkang boten poeroen blan-
dja f 100 sapangnggil margi adjrih
dateng Burg. Stand. Malah tijing
waoe nama langkoeng bodo, dja-
laran Agami poenika jèn katanding
kalijan jatra sadjagad, aosipoen
taksih tiket tekoek.

9). Ing art. 1 namoeng njeboet-

aken: Pegawai - pegawai sipil jang
bergadji sekoerang-koerangja f 100
seboelan, walaupoen mereka itoe
telah mendapat pensioen. Manawi
wonten tijing sapoenika boten ka-
lebet ing Burg. Stand, béndjing
sadasa taoen engkas dados Kristen
sarta ladjeng kalebet ing Burg. Stand,
temtoenipoen tijing ingkang sapoe-
nika blandja f 50, jèn béndjing
angsal blandja f 100 ladjeng kale-
bet ing Burg. Stand.

10). Saking pandoei koela, amari
ing Vorstenlanden poenika tijing-
Kristen priboemi katoemotaken
pranatan Vorstenlanden, boten pra-
natan Goepmènan.

11). Tijing sadaja jèn sampoen
émah-émah kanti absah, boten ké-
nging pegatan. *Sasaged-saged* Ka-
toeliek sami Katoeliek, awit 1e. toemrap
kakoeng-poetri saged toenggil boedi
lan kadjeng: dateng ing Grédja sa-
reng, tapi Kommoeni sareng lsp.
2e. toemrap poetra, kalih-kalihipoen
saged dados toelada saé. Nanging
bokmanawi saged klampahan tijing
Katoeliek boten saged angsal Katoe-
lik, amargi 1e. saking boten sami
kawahitoen prija Katoeliek kalijan
wanita Katoeliek, 2e. saking boten
sami remenipoen.

12). Inggih. Koela soemerep sampoen
wonten. Emanipoen, boten kirang-
kirang ingkang wanitanipoen
Katoeliek ladjeng asring soepé da-
teng Agami.

13). Pantjèn, prakawis idjab poe-
nika toemrap wanita Katoeliek pra-
kawis angèl, djalaran asring ngen-
tosi 1e. jèn wonten ingkang na-
kèkakè, 2e. kawengko ing tijing
sepoh ingkang dèrèng Katoeliek.
Sarèhnè begdja tjilakanipoen tijing
sesémahan poenika kasanggih pijam-
bak, mila sadèrèngipoen pala krama
kedah niti priksa pijambak, lan
takèn-takèn munggah kelakoelan-
ipoen tjalon garwa roemijin. Sampoen
doemèh katingal kados Djanak
oetawi soegih, ladjeng moengel:
gelem lan poeroen kapendet. Saged
oegi poen prija saking kasmaran-

VAN LITH-STICHTING.

Poenapa
pandjenengan

sampoen
dados

warga V.L.S.

Pangrèh V.L.S.
Bijz. H.I.S.
MAGELANG.

ipoen ngantos sagah: Idjab Grédja,
dadi Katoeliek, ja gelem! Nanging
sawoelan kalih woelan malih ladjeng
katingal awoning kelakoelan. Poen
wanita kagebagan, oetawi kawa-
joeh oetawi kapegat. Mila saé-
nipoen miterang roemijin dateng
para sepoh-sepoh kadosta Rama
Pastoor lsp. ingkang boten gadah
kamélikan. Para prija Katoeliek ma-
katen oegi, sampoen kégoeh déning
warni saé tok. Kapriksaa poenapa
1e. tani lan bekti ing Allah, 2e. mba-
ngoen-toeroetan dateng tijing se-
poeh, 3e. srepeg lan resikan, 4e.
bagas-saras, 5e. sami babagipoen
ing bab darah oetawi kasoegihan
(kinten-kinten kémawon), wosana
wekasan 6e. saé ing warni.

14). Karsanipoen Goesti Allah,
soepados dados Katoeliek lan jèn
meksa dèrèng poeroen, kedah idjab
ing Grédja, dados kosok-wangsoel
kalijan kadjengipoen tijing sepoh.
Jèn makaten kedah manoe Goesti
Allah. Saminipoen jèn tijing sepoh
akèn mandoeng, boten kénging
mbangoen-toeroet.

V A R I A.

TJAOS PAMRAJOGI.
(Schoolactie Medari).

Wah! mongkok raosing manah
sareng maos actie - nipoen sadèrèk
Medari. Oepami sanès panggénan,
oetawi sadèrèk R. K. Djawi sami
kados makaten sadaja, missie Djw.
temtoe mak. del soendoel langit.
Nanging kawoeninganal Satrija ing-
kang kagoengan actie kedah ka-
goengan oetawi saged pados otot
k a w a t; tegesipoen sanadjan toe-
mandang saèstoe, meksa boten
loengkrah oetawi tjapé; mila kawat-
ipoen boten kénging sakawat-ka-
watipoen, kawat tosan (sèng), tem-
bagi, boten kanggé; kawat pérak,
radi mèmper; ingkang prajogi pijam-
bak kawat djené mawi kaboentel
kertas, alijas woedjoed „jatra katah”.

BOTEN SAK BOTEN SERIK, ATINÉ
— NGGANDJEL SADINGKLIK. —

Pamong Volkslecteur, dangoe-da-
ngoe wonten ingkang gadah kare-
man, katanda saking anggènè damel
ladosan dateng Volk, adon-adoni-
poen salah satoenggal dipoenkatahi;
engga temboeng nétral, sa-
king kekatahan tjolokan dados ver-
kleurd (mlotjoh dialect Tegal), toe-
toep kanétralan dados rembes, ka-
karembesan mihak sisih.

1e. Golongan Kristen wangenipoen
ragi dipoenkoealonaken ka-
tanda; saking rembag Pararta,
pamong „Kedjawèn” Loerah
Garèng lan Pétroek, mastani
tijing-tijing ingkang pedjah si-
nia ing Sang Nero, winastanan
tijing soedoek slira. Sebab pi-
jambakipoen sampoen kanger-
tosaken sadèrèngipoen!!! Elo,
manawi njata mekaten pemang-
gih Garèng lan Pétroek nama
loer biasa.
Mangké gèk tijing èstri ing-
kang pedjah said, dipoenwas-
tani soedoek selira.

2e. Jèn nitik wartos-wartos Kristen,
ingkang njakétjakaken manah
dipoenbeteng, lan matjak ing-
kang asring-asring pangapoent-
ten saking tjara, oetawi woed-
doeding kabar njakitaken koep-
ingipoen ingkang ketaman.
Koela kekah mastani pamong
„Kedjawèn” boten nétraal, nan-
ging radi neetraal! Lan rèh-
ning oemat Sw. T. klebet oegi
djiniwit katoet lan temboeng
Kristen. Gadah pangesah sanad-
djan golongan ringkih, nanging
jèn dipoenbènèh saking hak,
manahipoen kados ingkang si-
neboet ing titel.

3e. Bab Almanak.
Pitoetoer-pitoetoer lan kasaènan
sanès ingkang oemoem lan ka-
wrat ingrikoe, nandakaken pa-
mong lan pengoeroes volksal-
manak, ngopi soklat (ta' maoe
liat) dateng golongan Kristen,
boten métok nanging ketawis.
Kados almanak taoen 1930. pan-
tjenipoen katah pakempalan-
pakempalan Indija ingkang roe-
maos dipoenoenkoerakan, dja-
laran boten dipoenkatoetaken
wonten rubriek tjekakan. Oemat
Sw. T. katoet oegi wonten ko-

Saking pamrajogi koela, sarèhnè
Medari oegi sagah mbijantoe, poe-
nika dapoer kaleresan, awit actie
sanès ingkang peng-pengan oegi
wonten, lan inggih saweg pados
pambijantoe. Actie oendi poenika?..
Van Lith Stichting. Mangga poe-
nika dipoensoeboeraken, dipoenra-
boek ingkang katah, mangké actie
Medari rak ladjeng teroes kaajoman
oetawi karembag.
Wasana mangga sami kagalih.
poen *A. Idapeos*.

PANTES TINOELAD.

Swara Tama tanggal 20 Decem-
ber no. 45 ngewrat verslag tjekakan
saking studieclub Kath. ing Soera-
kerta. Ing ngriko katingal tjeta
bilih sadèrèk Soerakarta madjeng
saèstoe. Tradjang ingkang makaten
poenika patoet ingalembana, pantès
tinoelad.

Ing Couserie „Rond de Chinees-
sche gelijkstelling” sadèrèk Sabda-
wijata ngandaraken bab: „Actie van
het I. E. V. betreffende de gelijk-
stelling.” Pamedar sabda njarijos-
aken jèn N. I. P. i. p. nationaal
Indische partij poenika ingkang
ada-ada Douws Dekker (manoe
verslag) alijas Max Havelaar oetawi
Multatuli, *) R. M. Soewardi lan Dr.
Tjijtamangoenkoesoema.

Manawi boten klintoe ingkang
gadah initiatief poenika sanès Edu-
ard Douws Dekker ingkang njerat
Max Havelaar, nanging Douws Dek-
ker ingkang taksih gesang. Eduard
D.D. poenika lahir ing Amsterdam
ing tahoen 1820. Sareng oemoer 20
tahoen késah dateng Indië njam-
boet damel ing Algem. Rekenkamer
dados commies nomer kalih. Ing
tahoen 1842 pindah njamboet damel
ing B.B. sarta kabanoem assistent-
resident ing Lebak taoen 1856.

Saweg sawatawis minggoe ang-
gènipoen napak padamelan, ladjeng
ngelah ingkang Boepati: Tandoe
kados makaten poenika boten anda-
dosaken renaning panggalihipoen
Residèn Banten. Tanggal 29 Februari
toean D. D. njoewoen pangadilan
dateng toean Duymaer van Twist,
G.G. ing djanan samanten. D.D.
ladjeng kapindah dateng Ngawi.
Sarèhning boten roemaos lepat di-
poenlepataken, mila toewan D.D.
neda eervol ontslag. (29 Maart 1856).

Wiwitaning tahoen 1857 wang-
soel dateng Europa. Ing ngrika
ngarang boekoe „Max Havelaar”

*) Zie éwahn-éwanah saking Hercules
(kabar 25 Dec. Solo) ing Sw. T. kapengker
poenika. Red.

lom tidak dimoeat, nanging pa-
njaroewé boten badé ngojak
betah pijambak, namoeng mri-
nani ingkang sami dipoenkoe-
alokaken. Djer ngèngeti jèn
Balai poestaka niat matjak sa-
daja namaning kempalan tek-
sih saged, lan tirah saged, awit
ingrika kekiranngan poenapa.

4e. Ngengeti isining waosan serat-
serat bibliothek Djawi, a. mla-
djenga, isinipoen boten sanès
namoeng alap-alapan wanodya.
Temtoe kémawon ingkang pan-
tjèn noedjoe preloe inggih won-
ten ming kémawon sekedik sa-
ngket jèn tinimbang lan waosan
ingkang golong lan goeloeng-
aning nalar, noentoen volk soe-
pados wiwit alit sampoen adjar-
gregeten dateng wiraga. Isi serat
ingkang munggah maoedjoe a,
dapoer wanita baeoet ngrakit
laras, nata wiraga, audoedoet
manah, tarikanipoen dateng ke-
dadosan inggih namoeng ka-
wroehipoen alap-alapan ing-
kang tjoesmantèl.

Basa lan kabaedan dateng tem-
boeng pèni-pèni, ingkang namoeng
kanggè ngrengga babagan manah
gregeten koela wastani éman-
éman sanget. Wonten kantja nga-
rang ingkang ketrimah tangoehan-
ipoen, margi ing dalem serot bola-
bali, wongsal-wangsoel ngrempag
soal gregeten lan gemes.

Atoer koela kanti ngengeti tem-
boeng panoentoen bangsa, dados
manawi boten wonten tetemboengan
mekaten, tjara bakoel barès bakoel,
boten kepati-pati anggèn koela toe-
moet méteni, sanadjan saged oegi
boten damel renané ingkang dipoen-
pétani, rèhning poenika prakawis
oemoem dados kados prajogi koela
tindakaken.

Namoeng gadah pangadjeng-
adjeng manawi temboeng koela,
jèn boten klintoe kalijan krenteging
manah, toer ngrika kersa nglaras
tepa salira, migoenani prajogi! Wah
manah koela sembah noewoen, toer
badé bingah jèn ingkang koela
anggep agoel-agoel berdjalan tegap
dan loeroes tjoetjog lan kajektosan-
ipoen!

BAJOEWARA.

oetawi „De koffieveilingen der Ned.
Handelsmaatschappij” mawi nami
sisinglon Multatuli.

Toean Eduard D.D. pedjahipoen
ing Nieder-Ingelheim tahoen 1887.
Dados N.I.P. dèrèng padja-padja
wonten, D.D. sampoen boten won-
ten.

Gegaetjan kalijan: „Beteeke-
nis der gelijkstelling op staatsrechtelijk
gebied” sadèrèk pamedar sabda
tjarijos „. boten kados déné
para Indonisiërs taksih mawi kaa-
roes pating tjeroewil wiwit dèssa-
raad, districtraad, Regentschapsraad,
Landgerecht lsp.” Ingkang
dipoenkersakaken ing ngriki bok-
manawi districtgerecht, Regent-
schapsgerecht, Landgerecht lan sa-
panoenggilanipoen. Poenapa inggih
makaten?

Bab beknopt overzicht over eenige
der heerschende adalvormen poe-
nika kasinggihan perloe sanget di-
poenngertosi ingkang terang. Mila
soemangga bab poenika dipoen-
sinaoe sipatan engkas koela réntjangi
. saking katebifan.

Koela wangsoeli malih, tradjan-
ging sadèrèk Solo pantès dados
toeladan.

N.

SAMPOEN MAKATEN!

A.— Rija Desemberan poenika
adimas tindak poendi? Ambarawa,
Solo poenapa Semarang?

B.— (radi kèwedan
anggènipoen badé mangoeli). Boten
dateng poendi-poendi?

A.— Elo, djalaranipoen poenapa?

Poenapa gerah?

B.— Boten kamas, sadjatosipoen
boten wonten ingkang njoeroeng.
Tijing administratie wingking sa-
weg morat-marit.

A.— Wah poenika kesangeten
dimas. Tjeta manawi boten patos
kapenggalih saèstoe poenika. Bén-
djing malih sampoen makaten di-
mas. Tijing namoeng sepisan ta
dimas, setaen. Adimas priksa déné
kok morat-marit.

B.— Soemerep. Margi anggèn
koela remen d-o-m-i-n-o.

A.— La, soekoer manawi sam-
poen priksa. Dados inggih namoeng
satoenggal sarananipoen amrih ad-
ministratie wingking saged bèrès,
inggih poenika sampoen kersa
ngasta domino.

B.— Boten langkoeng pangètoe-
nipoen kamas kémawon, sageda
koela nglampahi kados dawoeh
pandjenengan poenika.

P. T. T.

OERAP-SARI

KABAR OEMOEM INDONESIA.

GLÉDAHAN lan TANGKEPAN P. N. I.

Swantening serat-serat kabar. — Toemoesipoen wonten Nederland toewin Raad Kawoela.

Sw. T. ingkang medal dinten poenika ngewrat wawasanipoen sadèrèk A. S. D. bab glédahan poenapa-déné tangkepan leider-leider P. N. I. ingkang anggondjingaken djagad Indonesijah.

Ing ngandap poenika para maos koela petikaken wawasanipoen serat-serat kabar sanès sawatawis.

Bintang Timoer, boten ngandel manawi P. N. I. gadah nijat badé brontak. Anggènipoen makaten waoe nitik leider² P. N. I. dédé tijang bodo, mangertos ing pétang, saged ngoekoer kekijatanipoen, boten badé ndjarag ngoelotenganen bangsanipoen dados tedaning mimis. B. T. neda soepados Nagari toemoenten pating katrangan ingkang tjeta: 1. Poenapa inggih P. N. I. poenika pakempalan kados P. K. I., badé damel brontak, badé nggraman wonten awalang taoen 1930. 2. Manawi glédahan poenika boten saged amboektékaken: P. N. I. njata badé brontak, Nagari soepados ladjeng nerangaken tangkepanipoen ingkang tjeta kalijan pakempalan poenika.

Keng Po, Redacteur S. netepaken manawi P. N. I. wonten akiring taoen 1929 waoe boten badé brontak. Margi makaten waoe, glédahan ingkang katindakaken Nagari mesti boten wonten wohipoen; boten pikan-toek boekti. Djer nijat badé brontak, ing kalangan P. N. I. pantjèn sepen.

Kaom Moeda: Katrangan-katrangan ingkang pinanggih déning poelisi, sanadyan dèrèng mestileres, anedahaken manawi P. N. I. badé brontak. Katrangan-katrangan waoe boten kaendel golongan kiwa. Mah golongan kiwa sami mokalaken manawi panoentoen P. N. I. ingkang pinter-pinter poenika sami kadonoengan manah édan badé ngawontenaken brontakan ing wekdal samangké, ingkang ateges sami oegi kalijan soedoek sarira. Nanging mannet kajakinanipoen **Kaom Moeda** adedasar koepija kala 3 taoen kapengker, prakawis wigati makaten poenika boten kènging dipoenawatonenaken wonten ing panginten-inten toewin inggiling pasinaon. Negari badé mangertos ing saleresipoen, lan inggih sampoèn nindakaken sapreloenipoen. Tijang kedah boten kesoepon, anggènipoen Nagari toemindak makaten poenika roemeks sampoèn ngantos saestoe wonten brontakan kados katrangan-katrangan ingkang dipoenpreng poelisi ; „Dan mengingat pada itoe, maka masing-masing orang jang tidak inginkan rajat jang bodoh menjadi korban peloeroeh dari militairen dan politie seperti jang soedah kedjadian dalam tahoen 1926, haroes dan wadjib menghormat tindak Regeering jang keras pada waktoe sekarang ini.

Warna Warta: „Ngènti djempol-djempolipoen P. N. I., koran poenika mokalaken manawi P. N. I. badé brontak. Manawi P. N. I. kantoentoen tijang ingkang namoeng nékad-ékadan poenika saged oegi. Wangsoel dipoenjepeng prijaentoen kados-ékéné Ir. Soekarna, mokal manawi badé main sroedoek kados maésa édan.

Bahagia: Manoet kabar Speciale-dienst-Bahagia ingkang katampi saking Bandoeng, kala malam 29 Dec., dalem Kaboepatèn Bandoeng katjopi badé kaobong, sarta sampoèn mempan wonten kalih pangénan. Toedjoenipoen saged konangan. Ingkang ambesmi katjeng.

Ngènti kawontenan poenika, manawi kabar saking Bandoeng waoe temen, sarta katindakaken golongan P. N. I. gandèng kalijan wontening glédahan, **Bahagia** anetepaken: „maka actie perkoempoelan Kepala Banteng ini, pastilah olih golongan pendodoek jang menghendaki doenia tinggal sentausa dan keamanan tidak terganggu, ada dijela seheibat-heibatnja. Anggènipoen Bahagia makaten waoe margi antepipoen karta rahardjaning tanah lan kawoela Indonesijah boten badé saged katjeng, manawi ngambah margi mata gelap. „Kita yakin, Indonesia akan madjoe, madjoe dan terangkat segala-segalanja, dengan djalán aman dan sentausa.”

Sedyo-Tama, njarijsaken sababipoen galédahan poenika dèrèng wouten ingkang mangertos: margi Paréntah inggih boten ngemoem-aken preloenipoen poenapa nindakaken nandangi P. N. I. kados makaten waoe. „Sawenéh nginten Paréntah tampi palapoeran saking para sepjioen ngamandaka, jèn béndjing 1 Djanowari 1930 P. N. I. badé

damel gègèr. Manawi temoe, kok Paréntah inggih ladjeng ngandel kémawon, sarta panindaking prakawis poenapa boten wonten lampah sanèsipoen kedjawi ingkang pating groedoeq njepengi tijang, ngosakasik grijaning tijang, dèrèng kantenan manggih tanda jekti pratitis. Poenapa sampoèn wonten loenipoen P. N. I. badé damel gègèr: dèrèng! Poenika prakawis mokal! Para panoentoenipoen P. N. I. tetijang pangadjaran, sami saged nolih dateng oekoeran kekijataning golonganipoen samangké, sarta kosok-wangsoelipoen oegi mangertos dateng kekijataning Paréntah. Dados panindaking Paréntah makaten waoe nama kirang waspaos, lepat-lepat sembiripoen saged noewoeh-aken oewoh ingkang kirang prajogi toemrap raosing kawoela oemoem, toewin oegi toemrap Paréntah pijambak. Liripoen: kawoela oemoem réhné kanjataan boten poenapa-ponenapa, mangka dipoentandangi kasar makaten, saestoe ing dalem batos sami boten narimah, dados widji sengit, manahipoen kados dipoen-gagasahing kang boten-boten, poenika menggahing katentreman: pitoena. Kinokok-wangsoel toemrap Paréntah mesti kontjatan pijandeling kawoela, dipoenraos terang badé makéwéd ébah-ébahaning kawoela, dasar mentas wonten kabar Paréntah badé jasa pranatan énggal moerih poelisi wenang nenggani parepatan ingkang winados toewin sasaminipoen.

Sokoer bagé sèwoe bilih tindak-Paréntah makaten waoe namoeng kanggé njatakaken reged resiking lebetanipoen P. N. I. kémawon. Éwadéné lampahipoen meksa ketjadtjad kasar, kados njapelékaken daradjadiipoen tijang siti, langkoeng malih ingkang para saged, poenika prajogi dipoenéngeti.

Bintang Mataram, Redacteur D. ing B. M. anggadah kajakinan: P. N. I. boten badé brontak. „Tetapi kaloe P. N. I. didoega adaken itoe tindakan brontak, soenggoeh-soenggoeh kita tinggal. mesem. Kita jang bertaoe, baik dalam prive, -maeopoen dalem pergerakan dengan pemimpin-pemimpin P. N. I., belon pernah mendengar sepatah kata jang maksoednja P. N. I. aken adaken perkosaan. Hal ini beroelang-oelang kita telah toelis.

Kita akoei jang leider-leider P. N. I. dalem pembitjaraannja ditijap-tiap vergaderingnja ada keras, tetapi kekerasan itoe sedikitpoen tidak melanggar pada garisn wet jang diadaken oleh negeri. P. N. I. dalem actienja ada ditoedjoeken dengan openbaar, tida pernah ia menjembu-aken apa jang ia maksoedken. Tapi kita tida abis mengerti, dengan tjara jang terang-terang itoe, toch ia didakwa aken bikin pembontakan. Apatah ini hasilnja asoetan pers poetih??

Tjekak serat-serat kabar ing ngriki ingkang sapéraning ageng sami nglepaken tindakipoen Nagari, sarta netepaken P. N. I. boten badé brontak déning ngènti panoentoen-panoentoenipoen dédé tijang sembarang. Toemrap Sw. T. matoek kalijan pamanggihipoen **Kaom Moeda**: prakawis inggiling pangadjaranipoen panoentoen P. N. I. boten kènging kanggé wawatónanetepaken P. N. I. boten badé brontak. Poenapa brontakan ing poendi-poendi poenika panoentoenipoen dédé golongan intelektueel?; malah bokmanawi kasagedanipoen tiket tekoek katimbang panoentoen-panoentoen P. N. I.

Sasampoenipoen kita soemerep wawasan-wawasaning koran Indonesijah, mangga sami nilingaken toemoesing lèlampahan glédahan P. N. I. poenika wonten Nederland, poenapadéné Raad Kawoela. Sadaja ingkang kaseboet ing ngandap babonipoen saking **Aneta** ingkang kawrat ing serat-serat kabar.

Mr. Mendels (S. D. A. P.) warga Eerste Kamer, miterang schriftelijk dateng Minister Djadjahan toewan S. de Graaff, bab glédahan P. N. I. ing Indonesijah.

Sneeveleit atas Arbeids-Secretariaat ngintoenaken protes loemantar tilgram dateng Minister Djadjahan. **Het Vaderland**. (liberaal) ing Den Haag anggadhahi pamanggih, poenapa inggih tindak keras poenika, nama margi ingkang leres. Koran waoe boten ngandel kalijan

ébah-ébahen ngawontenaken brontak. Malah sisib sembiripoen tindak waoe saged ngadalaken woh ingkang mitoenani dateng Nagari, poenapadéné nebihaken pakempalan² kabangsan kalijan Regeering.

Nieuw Rott. Cr. (koloniaal vrijzinnig): Kabar brontak waoe saged njata, manawi ing toemgang-gaping warsa énggal éstoe wonten brontakan. Mila, Nagari manggali ing wekdal poenika tjara psychologie-nipoen wekdal ingkang matoek pijambak kanggé toemindak keras. Soemearing pawartos brontak, waoe angindakaken activeiteipoen Nagari, mitoenani ébah-ébahen kabangsan. Lalampahan kala November 1926, soeka piwoelang dateng Nagari, preloenipoen nindakaken tangkepan kanti énggal. Tetijang kedah ngentos woling papriksan serat-serat ingkang dipoenrampas. Tjékat-tjéket, poenapa-déné trampilipoen poelisi kènging dipoenpitados. Semanten oegi anggènipoen nindakaken soepados ing poendi-poendi kaanggé wados, mratjhnani poelisi kènging dipoenendel.

Algemeen Handelsblad. (Coloniala Conservatief) ing Amsterdam, anedahaken saja santeripoen ébah-ébahen kabangsan. Paréntah anggènipoen toemandang ing damel, sareng kawontenanipoen sampoèn boten kènging dipoenkèndelaken kémawon. Dateng kawéwékan mékani piawon, boten patos manah.

Swantenipoen golongan Sociaal Democraat.
Warga Raad Kawoela Midden-dorp, miterang schriftelijk dateng Negari, *sapisan*: poenapa paréntah nginten (vermoeden) manawi wonten malem tanggal 1 taoen énggal, P. N. I. pantjèn badé damel gègèran? *Kaping kalih*: sapinten bablasipoen njataning panginten poenika? *Kaping tiga*: poenapa tindakipoen Nagari, ingkang mesti andajani kawoesanan ageng toemrap lalajanipoen Paréntah kalijan ébah-ébahen kawoela, waoe -waenipoen sampoèn sarembag roemijin kalijan Directeur Departement B. B. toewin Adviseur voor Inlandsche Zaken? *Kaping sakawan*: poenapa sababipoen déné tindak ingkang tètela noewoehaken kasoedjaning poenika boten kawatesan namoeng toemrap tetijang sawatawis ingkang mila kadakwa; nanging kok malah mren-tek-mènrek ngantos atoesan wonten panoentoenipoen P. N. I., B. O., Studieclub, lss.? *Kaping gangsal*: poenapa sadèrèngipoen parepatan, Raad Kawoela ngadjeng poenika Paréntah karsa ladjeng énggal paring katrangan bab lekasipoen kala 29 Dec. 1929 poenika?; poenapa déné paring pirs sampoèn sapinten woling panitipriksa? preloenipoen minangka papadang toemrap kawoela, langkoeng-langkoeng pergerakan kabangsan ingkang dipoenkoewatosaken waoe?

Ing ngriki boten soesah koela (trijosaken: koran *Het Indische Volk* (I. S. D. P.) mesti inggih ngréntjangi barisan kiwa.

Toemoesipoen wonten Raad Kawoela.
College van Gedelegeerden, kala 3 Djan. sampoèn ngrembag motienipoen warga Koesoema Oetaya, Roep, Soekawati, Soejana, lan De Hoog. Angènti koewatosing manahipoen kawoela ingkang margi tindakipoen Paréntah toemrap pakempalan kabangsan sawatawis, warga waoe sami njoewoen, soepados ing dinten tapoeking parepatan Raad Kawoela, tanggal 10 woelan poenika, Paréntah sampoèn saged paring katrangan nalar-nalar ingkang andjalari ladjeng toemindak makaten. Poenapadéné inggih soepados paring pirs angsal-angsalaning paniti priksa.

Minangka katranganing motie, warga Koesoema Oetayan anerangkan bilih tetijang sami boten mangertos poenapa ingkang dados karsanipoen Paréntah. Poenapa anggènipoen toemindak makaten waoe namoeng katoemrapaken dateng P. N. I., poenapa karsanipoen Bestuur niwah Poelisi pantjèn inggih badé ngoelat-oelataken pakempalan - pakempalan kabangsan ingkang kapé-ting boten keras (gematigde Inlandsche vereeniging). Prakawis poenika noewoehaken koewatos (ongerustheid).

Warga toewan Fruin boten pitados manawi prakawis waoe noewoehaken koewatos; poenapadéné miterang poenapa sampoenika déné doemoegi titimangsaniipoen anindakaken lampah requisitoir toemrap P. N. I., saha anetepaken pakempalan waoe njoelajani katentreman oemoem.

Pangarsa anggèntaken rembag-ipoen toean Fruin ingkang kantoen waoe, boten dados rembaging parepatan wekdal poenika.

Warga toewan De Hoog anerangkan koewatos waoe kawedar wonten pawartos (geruchten) warni-warni, mila kasoewoen kalajan sanging soepados Nagari toemoenten paring katrangan.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

NAMPÈNI SWANTEN SAKING KONGGRÈS N.I.O.G.

CONFESIONEEL ONDERWIJS LAN NEUTRAAL ONDERWIJS.

— O —

N. I. O. G.: „Ned. Ind. Onderwijzers Genootschap” inggih ingkang asring kaparaban „Naar Indië Om Geld,” pantjèn sanget anggènipoen malangi Confessioneel Onderwijs!

Prakawis poenika katjeta wonten swantening konggrès-konggrèsipoen.

Nanging Confessioneel Onderwijs (sakolahan adedasar Agama) wonten salebeting djagad N.I.O.G. kènging katagesaken: „moeng sakolahan-sakolahan Missie lan Zending.”

Wonten pamboekaning konggrès kala 26 Dec. 1929, pangarsa N. I. O. G. toewan de Korte, mahjakaken actienipoen N. I. O. G. mengsah Confessioneel Onderwijs. Anggènipoen njababken mesti kémawon kados ingkang sampoèn-sampoèn: „Margi sakolahan Missie toewin Zending poenika meksa moerid-moeridipoen nganggé dadasaring Agama Katholiek toewin Protestant; laré-laré ingkang sakolah wonten ngrikoe sami sengit kalijan tijang Agama sanès, lss.

Kados ingkang toemindak wonten sakolahanipoen Missie, pameksa poenika babar pisan boten wonten. Inggih leres ing sakolahan ngrikoe wonten „Piwoelang Kaoetaman.” Nanging poenika boten ateges: moerid-moerid kedah toemoet miringaken, agengipoen kedah toemoet Agaminipoen Missie.

„Nanging, botjah-botjah marga saban-saban tampa woelangan, rak bandjoer doewé rasa seneng.”

O, seneng poenika dèrèng ateges poeroen oetawi kedah nglampahi. Senengipoen laré dateng satoenggil-ing tjarijos, dèrèng soeka paseksèn manawi laré waoe poeroen nglampahi kados ingkang kaseboet ing dalem tjarijos.

Sinten mastani: „seneng koewinglakoni!” — poenika tetep tijang bodo!

Kadjadi poenika, manawi wonten moerid sakolahan Missie badé loe-mebet dados Katholiek, mesti boten badé katampi manawi tanpa palih-lahing tijang sepoehipoen. Poenika soeka paseksèn, ing salebetipoen djagad Missie boten wonten ambet-ambetipoen nindakaken systeem pameksa.

Toewan de Korte tjarijos ingkang koela pendet soeroasioen, kirang langkoeng makaten: „Ing taoen kapoengkoer saticik-saticik N.I.O.G. bisa kasembadan ngajomi *wewenang wong toewa marang anak*, adja nganti kadajan sakolahan Missie lan Zending. (1)

Pamedar sabda sengit kalijan propogandah Agama Katholiek toewin Protestant medal margi bijzonder onderwijs. Mila, golonganipoen ladjeng kaadjak ngijataken barisan kanggé preloening sakolahan Goepmèn (Openbaar Onderwijs) ; „Manawa kepeksané sakolahan Goepmèn ora njoekoel, wong koedoe *jaso pakempalan kanggo ngedegaké sakolahan Neutraal*. (2) Preloené adja nganti wong-wong toewa kélangan wewenang anggoela-wentah anaké, marga ora ana sakolahan lijané kadjabo sakolahan kang dionjok-onjok-aké. (Kadjengipoen: sakolahan Missie lan Zending; *Patjr. Mrh.*)

Para maos! Tetemboengan ingkang koela serat dojong ing nginggil poenika, koela atoeri manggali saestoe!

Ing ngrikoe tètela: (1) N.I.O.G. angakeni wewenangipoen tijang sepoe toemrap anakipoen.

Rikala koela ngrembag „Katholiek Indonesia kalijan sakolahan” (zie Ontjèn no. 45, tn. 29) ing ngrikoe boten kirang tjeta anggèni koela anggelaraken wawatón Katholiek toemrap sakolahan: „Tijang sepoe anggadahi wewenang dateng anak. Tijang sepoe wenang milihaken sakolahan anakipoen. Margi makaten waoe, boten kènging manawi Nagari ladjeng moengel: anakmoe koedoe kosekolahaké kéné. Dados terang: sakolahan-sakolahan poenika boten kok sadaja kedah saking Nagari enz.”

Ngènti dadasar waoe, kita wandawa Katholiek boten badé mamalangi adegipoen sakolahan-sakolahan partikelir! Mandar antep kita: saha katab sakolahan partikelir, saja prajogi!

Sadèrèk Soetadi, wonten ing parepatan Raad Kawoela ddo. 30 Djoeli '29 kalanipoen angrembag prakawis onderwijs, anjarisaken boten gadah pakéwéd poenapapoenapa toemrap kasregepanipoen para pangrebing Confessioneel Onderwijs anggènipoen ngadegaken sakolahan-sakolahan.

Samanten oegi kita, ngoegemi dadasar ing nginggil, inggih boten mamagali adegipoen sakolahan-sakolahan M.D., B.O., Taman Siswa, Zending, lss.

Kadjengipoen ing tanah kita wonten sakolahan pinten-pinten, warni². Djer saban tijang anggadahi golongan pijambak! Saben golongan ngoegemi kajakinan pijambak! Lan, wadyabala Katholiek ingkang ngoegemi dadasar, mesti inggih poeroen ngaosi dadasar oetawi kaantepaning sanès. Dados inggih boten anggarrendjel manawi wonten golongan Islam ngedegaken sakolahan mawi dadasar Islam. Boten serik, manawi golongan Neutraal ngedegaken sakolahan Neutraal, golongan B. O. ngedegaken sakolahan B. O.; golongan kabangsan ngedegaken sakolahan Taman Siswa lss.

Kadjengipoen Indonesijah wonten sakolahan partikelir warni-warni! Kawoela oemoem mangké saged nitosi pijambak poendi ingkang saé; poendi ingkang tjotjog kalijan manahipoen; ingkang laras kalijan dadasaripoen!

Sakolahan warni-warni ingkang béda dadasaripoen waoe, sadaja saged njekapi betahipoen kawoela Indonesijah: kekirangan sakolahan. Ing salebeting „béda dadasaré,” saged minangking *roekoen*; roekoen sami déné njekapi betahing kawoela babagan onderwijs.

Fanatiek poenika, wonten poendi-poendi! Ing djagad Islam, wonten! Kalangan Katholiek, wonten! Ing golongan Neutraal inggih boten kirang! Mila, toemrap Patjar Mérah boten badé get-gèten manawi wonten prijaentoen ingkang njoelajani pamanggihipoen!

(2) Para maos! Pakempalanipoen para goeroe Walandi N. I. O. G. poenika: a) *Nengenaken sakolahan Goepmèn*. Manawi dipoenbijaka dadanipoen mesti wonten seratan: *kabéh sakolahan koedoe jaso Goepmèn!*

Pandjenengan sampoèn sami pirs idam-idaman „kabèh-kabèh koedoe Nagara!” poenika gagajoehanipoen sovjet-isme! Lan, tatanan ingkang makaten tètela boten leres déning njabah wewenanging tijang sepoe toemrap anak!

b) Nanging jèn kepeksanipoen sakolahan Goepmèn boten njekapi, tijang kedah ladjeng *jaso pakempalan kanggé ngedegaken sakolahan Neutraal*.

Ing ngriki terang: golongan N. I. O. G. ngèngingaken wontening sakolahan partikelir. Nanging namoeng sakolahan Neutraal.

Wawatón makaten poenika terang boten leres, boten adil! Djer, poenapa inggih sadaja tijang poenika Neutraal?? Poenapa inggih sadaja tijang njakabak N. I. O. G.??

Manawi makaten djanganipoen N. I. O. G., boten lepat manawi kita ladjeng ngelokaken: „O, nèk ngono, kowé déwé barisan N. I. O. G., ja meksa wong-wong soepaja pada Neutraal! Tegesé: nipsisaké, ngreng-ganggaké, ngilangaké sidji-sidjining golongan karo kaantepan!”

Satoenggal-toenggaling tijang oetawi golongan poenika dados propogandist, mropagandakaken ingkang dados antepipoen! Prakawis poenika boten kènging dipoenfélaki! Boten kènging dipoenekiri!

Golongan Neutraal sampoèn mestinipoen mropagandakaken Neutraal! Golongan Islam: Islam! Golongan Boeda: Boeda! Makaten sateroesipoen! Lan boten kirang tijang ingkang anggènipoen ngantepi antepipoen ngantos boten adrijih pedjaj; boten adrijih sangsara!

Mila, barisan N. I. O. G. sampoèn ladjeng ngèngèl-engèl golongan Missie oet. Zending anggènipoen ngwontenaken sakolahan! Awit Missie anggènipoen makaten waoe, inggih boten béda kalijan toewan de Korte c.s. anggènipoen jaso sakolahan Neutraal.

Soemangga kita golongan Katholiek ngetog kekijatan, amboektékaken manawi gadahan kita langkoeng bregas! Kawoela oemoem koela tanggel badé nitosi pijambak! Lan, djordjoran makaten poenika saged toemindak kanti ngaosi dadasaripoen sanès golongan!

Mangga dipoenpenggali! Wonten „Ontjèn” mbéndjing Djoemoewah, Patjar Mérah tjalon ngrembag: „Sakolahan Missie kalijam Opvoeding!”

Kumuningsaselé 5 Djanowari 1930.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

TJET GILAP wedalan **FRIELING** model **A.**

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kilo;
sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJET GILAP model **B.** kanggé ndjawi lan nglebet
namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;
5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R. B. FRIELING,
Gondhomanan 8 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

**Koela matoer
noewoen dateng
para sadèrèk
ingkang maringi
kawiloedjengan
warsa énggal.**

B. SOEMARNA.

Njaosi priksa, bilih anak koela MARIA SOETANDIJAH,
kala 27-12-1929 kapoendoet ing Goesti.— Koela sanget ma-
toer noewoen doemateng para sadèrèk ingkang sami béla
soengkawa poenapa malih kersa angrahapi ngoentapaken la-
joning anak koela. Kedjawi poenika koela matoer noewoen
doemateng Rama Pastoer, Pangrokti Laja, poenapa déné para
padvinders „Morgenster” ing Soerakarta, ingkang sami nga-
tingalaken tjantjoeting tandangipoen. Bab sembahjangan, ing-
kang toemoedjoe doemateng koela, inggih sanget kasoewoen.—
Ing wasana panoewoen koela, moegi-moegi Goesti ama-
lesa doemateng kamirahan pandjenengan sadaja waoe.

Taklim koela: familie:

J. A. POERWOATMODJO.

Ketellan 28-12-1929.

M. v. BIENE.
Toekang herlodji
dan Toekang emas.
Adres jang
moerah
DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226
boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.
Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }
Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!
GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA

DJOKJA

mémang tiada maoe pakai per-
tjoema, melainkan boeat djaga
keséhatan. Tetapi kalau tiada te-
rima obat jang selamanja baroe
dan paling baik, lebih pintar
Djangan beli sama sekali.

MALIOBORO

MALIOBORO

Obat-obat keloearan roemah² obat
soedah terkenal berapa banjak
poeloehan tahoen dan bisa dapat
beli dimana-mana tempat. Kalau
dapat beli tjap

DJOKJA

DJOKJA

„RATHKAMP”
tangoeng beli jang paling baik.
Djaga tjap „RATHKAMP”
dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

ALMANAK MELAJOE 1930

soedah habis didjoel
Dalam koerang lebih tiga boelan sadja soedah
bisa lebih dari

40.000

(beloem terhitoeang 40.000 Volksalmanak
Djawa dan Soenda)

akan tetapi djangan takoet
sebab mengingat keperloean toean² jang beloem
memesan, BALAI POESTAKA soedah moelai
tjetak tambahannya Volksalmanak Melajoe

8000

lagi!
SIAPA SOEKA BOLÈH BELI,
SIAPA SOEDAH TENTOELAH POEDJI!

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannya.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-
ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die
giling dengan machine Electricies, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an
die tangoeng sampee menjenengken, harga per
pond f 0.90.

Bilih dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak - anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

**Semoea barang paling djempol, dan
moerah sekali!**

Sasampoenipoen débatan sawata-
wis, motie waoe katampi boten
mawi kaendi.

Boekti-boekti njekapi.

Tilgram Locomotief saking Ban-
doeng 2 Jan. martosaken ingkang
wosipoen: glédahan ingkang katin-
dakaken kala 29 Dec. 1929 poeni-
ka, boten kok namoeng atas da-
woehipoen Pokroel Djéndral pijam-
bak, kados ingkang kaseboet ing
serat-serat kabar. Poelisi anggè-
nipoen toemindak makaten waoe
pantjèn atas dawoehipoen Nagari
ingkang loemantar Pokroel Djéndral.

Kawartosaken oegi bilih barang-
barang ingkang karampas saking
kalangan P. N. I. soeka boekti nje-
kapi ingkang ngantos (boten kalèntoe
déné) Paréntah ladjeng toemindak
keras nangkapi leider-leider P. N. I.,
poenapadéné nindakaken glédahan.

Manoet Aneta saking Bandoeng
2 Januari, saminggoe sadèrèngipoen
wonten gropjokan, katingal saja
santeripoen pergerakan P. N. I. Pra-
kawis poenika katitik margi katah
wontening tjabang - tjabang P. N. I.
énggal, poenapadéné indaking war-
ga. Kadosdéné ing Cheribon poeni-
ka wiwit woelan Dec. gadah warga
énggal 150. Warga waoe wonten
ingkang saking kalangan poengga-
gawa S.S. poenapa. Nanging poeng-
gawa S.S. ingkang dados warga P.
N. I. inggih boten patosa katah.
Namoeng kondèktoer - kondèktoer
kémawon ingkang kagládah, margi
dipoen - grajangi dados plajangan
serat-serat wados.

Ir. Soekarna badé kaboetjal.

Manoet pametjanipoen Java Bode,
djempol P. N. I.: Ir. Soekarna lan
taksih wonten malih badé kaboetjal.
Pamboetjalipoen boten dateng Di-
goel.; dateng Molukken!

Java Bode martosaken oegi bilih
sawatawis woelan kapengker Ir. Soe-

karna dipoenpitoetoeri wakil Regeer-
ing toewan Kiewiet de Jonge poe-
napadéné Adv. Inl. Zaken toewan
Gobee soepados anggènipoen nin-
dakaken actie ingkang kanti sarèh.
Pitoetoer waoe dipoenwangsoeli:
sariranipoen boten badé mantoeni
actienipoen.; badé mardikakaken
Indonesijah! Nanging prakawis poe-
nika ladjeng ka dorakaken Nginggil.

Serat kabar waoe njarijosaken,
wakil dienst afd. sepjioen sampoen
saged njoemerepi nama-namanipoen
tilas warga partij Douwes Dekker
ingkang sapoenika dados adviseur-
ipoen pakempalan P. N. I.

Sakedap malih Nagari badé ne-
rangaken pamanhghipoen toemrap
P. N. I., sarta Kepala Banteng badé
pakempalan ambebajani (staatsge-
vaarlijk).

Java Bode njarijosaken oegi, gan-
dèng kalijan glédahan poenika, Moh.
Hatta pangandjoer Perhimpoean
Indonésijah ing Nederland, ingkang
tjalon noentoen P. N. I. késahipoen
dateng Indonésijah dipoenjoender.

Wasana kawartosaken bilih katah
warga P. N. I. ingkang sami neda
medal.

Manifest Nationalisten.

Gandèng kalijan wontening glé-
dahan poenika, pangandjoering pa-
kempalan-pakempalan kabangsan sa-
king golongan pinten - pinten nge-
dalaken Manifest dateng kawoela
Indonesia, sarta dipoensoekani nama
Manifest Nationalisten.

Soepados toelèn, koela tedak
soenggingi kémawon kados ing ngan-
dap poenika.

Ra'jat Indonesia,

Penangkapan dan penahanan ber-
berapa pemoeka-pemoeka pergerak-
an dan penggeledahan diseleroeh
Indonesia diroemah-roemah dan ba-
dannya berbagai-bagai orang jang ter-
sangkoet dengan pergerakan, mem-

boektikan keadaan politik jang sa-
ngat tidak aman.

Menoeroet berita jang dima'loem-
kan di soerat-soerat kabar maka ke-
adaan jang terseboet, berdasar atas
toedoehan-toedoehan bahwa pemoeka-
pemoeka jang ditangkap atau di-
tahan telah bermaksoed akan men-
gadakan hoeroe hara jang meng-
ganggoe keamanan oemoem.

Melihat pengalamannya pemoeka-
pemoeka jang besar-besar dalam pe-
rgerakan dan mengingat pengetaho-
annya masing-masing, maka soesah
masoek dalam kepertjajaan kami o-
rang bahwa toedoehan - toedoehan
itoe berdasar atas kebenaran!

Kami pertjaja, bahwa pemeriksaan
jang lebih djaoeh akan memberi ke-
terangan jang jelas tentang ber-
bagi-bagi keragean dan toedoehan
serta sekalijannya ini akan memoek-
tikan kebersihan dari pergerakan In-
donesia dengan seoemoemnja.

Oleh karena itoe Rajat Indonesia
baik laki-laki maoepoen kaom isteri
haroes melakoekan kesabaran serta
mendjaoehkan segala kelakoean jang
tidak patoet atau tidak sjah, soepaja
djangan memberatkan atau menjoe-
sahkan pemeriksaan atas pemoeka-
pemoeka jang ditangkap atau ditahan.

Djangan memoecat salah satoe
actie sendiri-sendirinja dan men-
noenggoelah pemerintah dan per-
mintaan kami bersama - sama jang
tentoe tidak tinggal diam akan men-
dapat penerangan dalam keadaan
jang penting ini.

Inglatih! segala kelakoean jang
kamoe boeat b i s a ditimpahkan at-
as pemoeka-pemoeka jang terseboet
diatas, sedang mereka tidak berkoe-
asa dan tidak mendapat kesempatan
akan menjegah atau membantahnja.

Soetomo
Koesoemo Oetoya
Tjokroaminoto

Oto Iskandar
Dachlan Abdoellah
Thamrin.

**

Doemoegi samanten kémawon roe-
mijin, kados sampoen njekapi kagem
ngraosaken wonten ingkang lampa-
han 2 kala tanggal 9 Dec. 1929.

R Hadiwidjana, warga Prov. Raad.

R. Hadiwidjana goeroe basa Dja-
wi ing Kweekschool Moentilan,
ingkang nembé poenika katarimah
iksamenipoen kanggé nglebeti Taal-
kursus, kaangkat dados warga Prov.
Raad.

Ngatoeraken kasoegegan!
Postzegels boten kanggé.

Pandjenengan sampoen pirs-
a, prangko - prangko poenika wonten
ingkang pangaosipoen kaetjapaken
ing prangko sanès ingkang déné
mestiniipoen. Oepami prangko regi
12 1/2 sèn, dipoenetjapaken wonten
prangko pangaos 17 1/2 sèn. Dados
prangko ingkang pantjenipoen waoe-
nipoen pangaos 17 1/2 sèn dipoen-
soekani etjap 12 1/2 sèn.

Sawenèhing prangko-prangko ka-
dos makaten poenika, sabakdanipoen
woelan Djanoewari poenika, wonten
ingkang ladjeng tanpa pangaos,
tegesipoen boten kanggé damel, i.p.

a. Prangko 1 sèn kaetjap tjemeng wonten
prangko pangaos 4 sèn [biroe, doenoenging
angka wonten ellips ingkang tanpa waoe
tanpa werni].

b. Prangko 12 1/2 sèn kaetjap abrit wonten
pr. pangaos 17 1/2 sèn [semoe abrit [bruin-
rood], gambar Radja Poetri Wilhelmina
madep manengen, ingkang minangka dasar:
seganten kalijan baita kapal].

c. Prangko 12 1/2 sèn kaetjap abrit wonten
pr. 22 1/2 sèn [kopoeranta [oranje]; gam-
bar Radja Poetri madep manengen; dasar-
ipoen: saganten kalijan kapal api].

d. Prangko 20 sèn kaetjap biroe wonten
prangko 22 1/2 sèn [kados c.].

e. Prangko 40 sèn kaetjap abrit wonten
prangko 50 sèn [idjem, gambar R.P. Wil-
helmina madep mangiwa, mawi palm].

f. Prangko 80 sèn, kaetjap abrit wonten
prangko 1 roepijah [bruin, njawo mateng,
gambar R. P. Wilhelmina madep mangiwa,
palm].

g. Prangko - pos - oedara 10 sèn, kaetjap
tjemeng wonten prangko 12 1/2 sèn [abrit,
gambar R. P. Wilhelmina manengen; sagan-
ten; baita kapal].

h. Prangko - pos - oedara 20 sèn, kaetjap
wonten pr. 25 sèn dadoe, lilu; gambar ka-
dos g.].

i. Prangko - pos - oedara 40 sèn, kaetjap
tjemeng wonten prangko 80 sèn [oranje;
gambar kados f.].

j. Prangko - pos - oedara 75 sèn kaetjap
biroe wonten prangko 1 roepijah [njawo
mateng; gambar kados: i.].

k. Prangko - pos - oedara 1 1/2 roepijah ka-
etjap tjemeng wonten prangko 2 1/2 roepijah
[karmijnrood; gambar kados: j.].

Sabakdanipoen tanggal 31 Djan.

serat² ingkang dipoenprangkoni
postzegels ingkang kaseboet ing a-
k, kaanggep ongefrankeerd oetawi
ontoeirekend gefrankeerd.

Sinten ingkang taksih njimpen
prangko-prangko ing nginggil, sa-
lebetipoen woelan Februari 1930,
kénging kalintokaken dateng sadaja
kantoporos oetawi hulppostkantoor,
badé kalintonan prangko ingkang
sami aosipoen. Prangko ingkang
kalintokaken waoe, boten saged
angsal lintoe arta.

Wiwit tanggal 1 Februari, prang-
ko-prangko ingkang pangaosipoen
kaetjapaken wonten prangko sanès
waoe, ingkang taksih kénging di-
poenangge, namoeng.

1. prangko 32 1/2 sèn kaetjap bi-
roe wonten prangko 50 sèn (idjem).

2. prangko 50 sèn kaetjapaken bi-
roe wonten prangko 1 roepijah (bruin).

3. kartoepos lamba lan rangkep,
5 sèn, kaetjap tjemeng wonten pr.
13 1/2 sèn.

4. kartoepos lamba lan rangkep,
5 sèn, kaetjap abrit wonten prang-
ko 7 1/2 sèn.